



# VIL CAMBRIDGE

## PWOGRAM AGREGASYON ELEKTRISITE KOMINOTÈ LÈT NOTIFIKASYON

Español: masspowerchoice.com/cambridge/letter\_spanish.pdf  
Kreyòl ayisyen: masspowerchoice.com/cambridge/letter\_hcreole.pdf  
বাংলা: masspowerchoice.com/cambridge/letter\_bangla.pdf  
አማርኛ: masspowerchoice.com/cambridge/letter\_amharic.pdf  
masspowerchoice.com/cambridge/letter\_arabic.pdf عرب

19 Novanm 2024

Chè Rezidan oswa Biznis Cambridge,

Lèt sa a gen enfòmasyon enpòtan sou bòdwo elektrik ou.

Aktyèlman ou genyen Sèvis debaz Eversource. Sa a vle di Eversource founi elektrisite w, epi Eversource se founisè elektrisite w tou (yo achte elektrisite pou ou).

Sepandan, Vil Cambridge gen yon pwogram elektrisite ki rele **Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge** [Cambridge Community Electricity Program (CCE)]. Nan pwogram sa a, Eversource delivre elektrisite ou, men Vil la chwazi pwòp founisè elektrisite pa l. Vil la te itilize pwogram lan pou devlope yon nouvo pwojè enèji solè nan Cambridge. Lè w patisce, w ap ede ajoute plis elektrisite renouvlab nan rezo elektrik lokal la.

**Si ou resevwa lèt sa a epi ou pa fè anyen, ou pral enskri OTOMATIKMAN nan Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge la.**

**Demann ou pou soti dwe soumèt oswa make avèk so lapòs pa pita pase 23 Desanm 2024, pou evite anwolman otomatik nan pwogram lan.**

**Patisipasyon vle di:** Eversource ap rete sèvis piblik elektrik ou. W ap kontinye resevwa bòdwo elektrik ou nan men yo epi ou ka rele yo si kouran an koupe. Men, w ap wè Enèji Dirèk ki nan lis sou pòsyon Pwovizyon pou bòdwo Eversource ou a, epi yo pral itilize pri Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge la pou kalkile frè Pwovizyon pou bòdwo w la.

**Si ou kalifye pou yon to livrezon a fèb revni oswa asistans pou gaz, ou pral kontinye resevwa benefis sa yo.**

**Chwazi pou pa patisce vle di:** Eversource ap kontinye founisè elektrisite ou, epi pòsyon Pwovizyon pou bòdwo w la ap rete sou pri Sèvis Debaz Eversource la.

### Benefis ki genyen lè ou patisce

**Elektrisite renouvlab, lokal** - Vil la itilize fon li te kolekte atravè patisipasyon nan Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge pou ajoute nouvo enèji renouvlab nan rezo a. Enèji renouvlab la nan pwojè nouvo enèji solè Vil la ap pwodui elektrisite vè kap diminye enpak emisyon gas a efè tèmik kliyan elektrisite CCE yo.

**Chwa** - Pwogram lan ba ou twa opsyon: 1) 100% Green Plus, sa ki gen ladann 100% nan pwojè enèji renouvlab Klas I MA, 2) Standard Green, sa ki gen ladann 50% nan pwojè enèji renouvlab Klas I MA, ak 3) Economy Green, sa ki gen ladann enèji renouvlab minimòm jan lalwa egzije l. **Ou pral enskri otomatikman nan Standard Green. (Detay yo pa dèyè.)**

**Ekonomi potansyèl** - Pwogram lan kapab pi ba pase pri sèvis debaz Eversource. Men, pri sèvis debaz Eversource yo chanje pa sezon. **Kòm yon rezulta, pri pwogram lan ka pa toujou pi ba pase pri Eversource, epi ekonomi yo ka pa garanti.**

### Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge

Nouvo pri apwovizyonman elektrisite w:

**14.81 ¢/kWh**

Konpare ak pri sèvis rezidansyèl debaz Eversource la:

**15.772 ¢/kWh**

Pri biznis Eversource nan do a ►

**Sipò Kliyan:**

**1-844-379-9934**

### Pa vle patisce?

OU PA OBLIJE. PA GEN PENALITE OSWA FRÈ POU SOTI NAN PWOGRAM LAN, E OU KA SOTI A NENPÒT KILÈ.

Si ou chwazi pou pa patisce, ou pral rete yon kliyan Sèvis Deabz Eversource.

Pou soti anvan ou te enskri, fè youn nan bagay ki annaprè a anvan **23 Desanm 2024:**

- ▶ Siyen & retounen kat ki enkli a.
- ▶ Soti anliy nan **MassPowerChoice.com/Cambridge**.
- ▶ Rele sipò kliyan nan **1-844-379-9934**.

## Opsyon w yo nan Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge

Tablo ki anba a ka ede w deside si w ap rete enskri nan opsyon ou ye kounye a, chanje nan yon lòt opsyon, oswa soti epi retounen nan Sèvis Debaz Eversource la. Pou fe yon chanjman, vizite MassPowerChoice.com/Cambridge oswa kontakte sipò kliyan avèk konsiltan pwogram yo nan Vil la nan 1-844-379-9934.

### Opsyon Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge:

Ou pral enskri isit la ▼										Si ou pa vle patisipe:			
		100% Green Plus 100% nan MA Klas I pwojè enèji renouvlab			Standard Green 50% nan MA Klas I pwojè enèji renouvlab			Economy Green Enèji Renouvlab Minimòm lalwa egzije			Sèvis Debaz Eversource Si ou sòti.		
Pri	16.82 ¢/kWh*			14.81 ¢/kWh*			13.82 ¢/kWh*			15.772 ¢/kWh - Rezidansyèl 15.677 ¢/kWh - Ti biznis 17.709 ¢/kWh - Gwo biznis			
Peryòd pri	Enskripsiyon - Janvye 2026			Enskripsiyon - Janvye 2026			Enskripsiyon - Janvye 2026			1 <sup>re</sup> Out 2024 – 31 Janyye 2025, rezidansyèl & ti biznis yo. 1 <sup>re</sup> Novanm 2024 – 31 Janyye 2025, gwo biznis yo.			
	2024	2025	2026	2024	2025	2026	2024	2025	2026	2024	2025	2026	
<b>Elektrisite nan pwojè enèji renouvlab Klas I MA **</b>													
Ajoute pa Cambridge	76%	73%	70%	26%	23%	20%	-	-	-	-	-	-	
Lwa eta Egzije I	24%	27%	30%	24%	27%	30%	24%	27%	30%	24%	27%	30%	
<b>Total</b>	<b>100%</b>	<b>100%</b>	<b>100%</b>	<b>50%</b>	<b>50%</b>	<b>50%</b>	<b>24%</b>	<b>27%</b>	<b>30%</b>	<b>24%</b>	<b>27%</b>	<b>30%</b>	
<b>Elektrisite ki soti nan lòt sous renouvlab oswa pwòp yo**</b>													
Lwa eta Egzije I	38%	36%	39%	38%	36%	39%	38%	36%	39%	38%	36%	39%	
<b>Kondisyon pou sòti</b>	Kite nenpòt kilè. Pa gen chaj pou sòti.			Kite nenpòt kilè. Pa gen chaj pou sòti.			Kite nenpòt kilè. Pa gen chaj pou sòti.			Kite nenpòt ki lè. Pa gen chaj sòti. Sepandan, kliyan gwo biznis yo ka resevwa yon frè ajisteman bòdwo oswa yon kredi.			

\* Pri yo enkli yon frè administratif \$0.00075/kWh. Pri yo enkli tou yon frè operasyonèl \$0.002/kWh pou sipòte inisyativ enèji renouvlab nan Cambridge. Pri pwogram yo ka ogmante akoz yon chanjman nan lwa ki lakòz yon ogmantasyon dirèk nan pri materyèl pandan tèm akò ekipman pou elektrisite a.

\*\* Commonwealth Massachusetts egzije pou tout pwodwi ekipman elektrisite yo genyen ladan yon minimòm de 62% nan resous enèji pwòp oswa renouvlab nan 2024, 63% nan 2025, ak 69% nan 2026. Direct Energy dwe achte elektrisite nan pwojè MA Klas I enèji renouvlab ak soti nan lòt sous tankou fatra a enèji oswa nikleyè. Opsyon Ekonomi Vèt la satisfè kondisyon minimòm lan. Opsyon Standard Green ak 100% Green Plus depase li lè yo achte plis elektrisite nan pwojè enèji renouvlab MA Klas I.

### Lòt enfòmasyon

**Si ou te resevwa lèt sa a epi ou te siyen yon kontra tou avèk yon founisè elektrisite**, ou ka te siyen kontra ou dapre lis adrès sa a te kreye. Pou kontinye resevwa elektrisite nan men founisè ou te chwazi a epi anpeche nenpòt frè revokasyon bonè nan men founisè sa a, ou dwe soti nan Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge la.

**Si w gen yon kont ki pa gen taks**, ou responsab pou w idantifye epi mande yon egzanpsyon nan koleksyon nenpòt taks lè w bay Direct Energy dokiman ki apwopriye pou egzansyon taks. Vizite MassPowerChoice.com/Cambridge pou aprann plis.

**Si ou gen panno solè sou do kay ou oswa si w patisipe nan yon pwogram solè kominotè**, w ap kontinye resevwa kredi solè ak/oswa peman ankourajman solè, epi patisipe nan Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge la p ap chanje fason yo kalkile yo.

Si ou gen nenpòt kesyon adisyonèl, tanpri kontakte sipò kliyan nan **1-844-379-9934** oswa **cambridge@MassPowerChoice.com**, oswa vizite **www.MassPowerChoice.com/Cambridge**. Konsiltan yo nan pwogram nou an ap kontan pou yo ede w. Oswa ou ka kontakte Vil Cambridge dirèkteman nan 1-617-349-5323.



## Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge

X \_\_\_\_\_  
Siyati \_\_\_\_\_  
Dat \_\_\_\_\_

### Enstriksyon Pou w Swiv Pou W Soti

Ou pa bezwen pran okenn aksyon pou w patisipe nan pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge.

**Si OU PA vle patisipe, ou DWE soti.** Pou soti pa kourye:

1. Siyen epi mete dat sou kat sa a.
2. Mete kat la nan anvlop yo.
3. Bay la epi lage anvlop la nan lapòs.

Dosye Kliyan ke non l parèt sou kat la dwe siyen sou kat la.  
Anvlop la dwe make avèk so lapòs pa pita pase **23 Desanm 2024**,  
pou evite enskripsyon otomatik. Ou ka soti tou a nenpòt kilè  
nan **MassPowerChoice.com/Cambridge** oswa lè ou rele sipò  
kliyan nan **1-844-379-9934**.